

Etwal La

Lekòl Elemantè Mike Davis

OKTOB 2011

VOLUME 4, ISSUE 1



Tcheke sa yo



- 24 oktòb: PA GEN KLAS / jou pwofesè yo ap travay
- 25-28 oktòb: Semèn pou Riban Wouj
- 31 oktòb-4 novanm: Fwa sou Liv Eskolè yo
- 28 oktòb: Festival Otòn PTO 4:30-6:30 pm
- 2 novanm: Konferans Elèv yo ap Dirije
- 2 novanm: Reyinyon Piblik nan Lekòl Segondè Golden Gate la a 6:00 pm
- 11 novanm: Pa Gen Lekòl
- 16 novanm: Jou pou yo Re-pran Foto Klas yo
- 21-25 novanm: Pa Gen Lekòl

NOUVEL MDE



- Asistans Harry Chapin pou bay manje. Si ou gen bezwen asistans pou manje, MDE ap espere delivre manje bay kèk fanmi nan dat nou pral bay la yo nan lekòl nou an, soti 4:00 pou rive 6:00 PM. Moun yo konn mete yo nan liy byen bonè pou sa epi liy la konn long:
01/12/11
26/01/12
22/03/12
17/05/12
- An kolaborasyon avèk Lowe's ansanm ak Best Buy, Lekòl Elemantè Mike Davis santi li fyè pou anonse ke koulye a nou genyen pwòp jaden pa nou.



Yon Salitasyon Bò Kote Direktè nou an

Chè Paran,

Elèv nou yo ansanm ak tout manb pesonèl la te santi yo fyè lè nou te tandè ke lekòl nou an resevwa yon grad "A" nan men eta Florid la ane pase. Nou ap travay pou nou toujou kenbe nòt "A" sa a pou ane lekòl sa a.

Youn nan fason nou ap travay pou kenbe "A" a se nan fè lekti. Mo pou nou aprann jodi a, chak jou, nan Lekòl Elemantè Mike Davis se "LI". Manb pesonèl nou yo ap travay di anpil pou asire yo ke elèv nou yo KWE ke plis yo fè lekti se plis yo ap bay pi bon ranman nan lekòl yo. Elèv nou yo ap vanse pou leve defi a e yo ap bay nouvo rekò chak jou pou kantite tan yo pase ap fè lekti.

Nou ap mande pou w double efò nou ap fè yo lè yo rive lakay la pou w ka mete kèk tan sou kote chak swa pou pitit gason oubyen pitit fi ou la fè lekti. Si yon timoun kapab li byen, donk vokabilè li, ekriti, konpreyansyon, ak anpil lòt konpetans akademik li genyen pral amelyore. Nou espere ke tout elèv nou yo ap rive atenn potansyalite yo an plen epi nou KWE ke yo kapab si yo decide fè efò pou sa. Manb pesonèl nou yo ansanm avèk fanmi nou yo bezwen travay ansanm pou kapab fè mesaj sa a pase nan mitan elèv yo. Nou remesye ou davans pou efò ou ap fè lakay ou ak tout lòt bagay ou ap fè pou ka rann lekòl nou an vin tounen pi bon lekòl posib.

"Lavi pa mande pou nou fè tout bagay byen, Li sèlman mande pou nou esye fè tout bagay byen."

Sensèman,
Bob Spano, Direktè



Lekti Konte

Elèv nan MDE yo chanpyon nan fè lekti! Ane sa a elèv yo derape avèk yon bon vitès e nou kapab remake pwogrè ke yo fè. Pa ekzanp, ane pase pou mwa septanm nan, lekòl nou an te genyen 787 pwen. Ane sa a elèv nou yo atenn 9213 pwen pou mwa septanm nan! Eske ou kapab kwè sa? Ala yon diferans.

Nou kontinye ap loklize elèv ki ap fè lekti tout kote e nou vrèman fyè de yo!

Men moun ki fè pati 5 premye Lekti nou yo:

- Leticia Estrada (4èm ane)
- Isabel Herrera (5èm ane)
- Mrs. Hooper
- Nicole Martinez (3èm ane)
- Jeremiah Romero (3èm ane)



Mike Davis santi li fyè pou li anonse premye Konsèy Elèv li janm fòme. Nou voye yon gwo mèsi pou Mr. Moss poutèt li te òganize evenman sa a. Nou ap atann ke ane sa a ap yon gwo ane!

Prezidan Klas la

– Melissa Perez (Mrs. Lopez)

Vis Prezidan Klas la

– Alicia Garza (Mrs. Stark)

Trezorye Klas la –

Christian Lora (Mrs. Stark)

Rapòtè Klas la

– JeDante Ellis (Dr. Keenan)

Reprezantan Klas yo

Simon Napo (Mr. Ware)

Jean Sageese (Dr. Keenan)

Alfredo Gonzalez-Villa (Mr. Moss)

Karla Cueloo (Mrs. Lopez)

Zuri Mendoza (Mr. Moss)

Daizy Zapata (Dr. Keenan)

Gerardo Loyda (Mrs. Lopez)

Berfalin Guerrier (Mr. Moss)

Jay Herard (Dr. Keenan)

Junesha Casimir (Mrs. Lopez)



Tèt bwat pou Edikasyon

Yon fwa ankò nou pral kolekte **Tèt Bwat pou Edikasyon**. Ane pase se te yon ane kite vrèman pote siksè. Lekòl nou an te kolekte plis pase 10,000 "Tèt Bwat pou Edikasyon" e li pral resevwa \$1000.00 pou efo sa yo ke nou te fè. Tanpri kòmanse kole epi kolekte etikèt sa yo pou konkou ki pral fèt nan klas pitit ou a. 3 klas ki fini an premye yo pral genyen yon fèt avèk pizza, popcorn oubyen krèm. Koleksyon pou **Tèt Bwat pou Edikasyon** an pral kontinye jiska 31 mas 2012.

Nou pral kòmanse kolekte etikèt nan kad pwogram **Etikèt pou Edikasyon**. Pwogram sa a pral ede nou jwenn materyèl pou lekòl nou an. Nou ap kapab jwenn **Etikèt pou Edikasyon** nan plizyè pwodwi. Pral gen plis enfòmasyon ki ap vini sou pwogram sa a atravè ane a.

Pwofesè Mike Davis Resowwa yon Prim

Emma Gonzalez, yon pwofesè klas dezyèm ane nan Lekòl Elemantè Mike Davis, te seleksyone pou resevwa "Prim Gouvènè Rick Scott [pou Mwa Eritaj Ispanik yo]". Li te resevwa prim nan madi kite 11 oktòb la, nan vil Tallahassee nan vil Gouvènè yo. Yo te seleksyone yon pwofesè elemantè, yon pwofesè mwayen, ak yon pwofesè nan klas segondè nan eta a pou onè sa a. Yo onore tou 5 elèv nan eta a pou disètasyon yo ekri (3) pou travay atistik yo reyalize (2). Yo pral bay elèv sa yo yon bous detid eta Florida ki deja peye.



Ann Selebrevè Semèn Riban Wouj

Lendi: pa Genyen lekòl

Madi: Chapo ba pou bon chwa (mete chapo ou pi renmen an)




Mèkredi: Mete chosèt pou bon chwa (chwazi yon vye chosèt pou mete nan pye ou)



Jedi: Mete mayo ekip ou fanatik la sou ou



Vandredi: Abye tankou karaktè literè ou pi renmen an



imajine. kwè. akonpli.